

Anyè pou Medyatè Ki Reprezante Entère Piblik nan tout Leta yo

Atlantic Konte	609-402-0100 ext. 47230
Bergen Konte	201-221-0700 ext. 25103
Burlington Konte	609-288-9500 ext. 38118
Camden Konte	856-650-9100 ext. 43090
Cape May Konte	609-402-0100 ext. 47230
Cumberland Konte	856-878-5050 ext. 15159
Essex Konte	973-776-9300 ext. 56886
Gloucester Konte	856-878-5050 ext. 15159
Hudson Konte	201-748-4400 ext. 60145
Hunterdon Konte	908-332-7700 ext. 13240
Mercer Konte	609-571-4200 ext. 74205
Middlesex Konte	732-645-4300 ext. 88748
Monmouth Konte	732-358-8700 ext. 87260
Morris Konte	862-397-5700 ext. 75160
Ocean Konte	732-504-0700 ext. 64470
Passaic Konte	973-653-2910 ext. 24032
Salem Konte	856-878-5050 ext. 15159
Somerset Konte	908-332-7700 ext. 13240
Sussex Konte	862-397-5700 ext. 75160
Union Konte	908-787-1650 ext. 21028
Warren Konte	908-332-7700 ext. 13240
Biwo Sèvis Libète Siveye	609-815-3810 ext. 16314
Biwo Grefye Tribunal Siperyè a	609-815-2900 ext. 52757

Pou tout kesyon, èd, sijesyon ak/oswa plent,
tanpri kontakte Medyatè Ki Reprezante
Entère Piblik nan konte apwopriye a.



STUART RABNER

DWAYEN TRIBINAL LA

GLENN A. GRANT

DIREKTÈ ADMINISTRATIF TRIBINAL YO

PETER McALEER

DIREKTÈ, KOMINIKASYON AK RELASYON NAN KOMINIKASYON

JANIE RODRIGUEZ

CHÈF, SÈVIS POU PLEDAN YO AK ÈD SOSYAL

Jidisyè Nyoudjèze

Pwogram Medyatè ki Reprezante Entère Piblik

**Yon pon ant Tribunal yo ak
Kominote a**



Pou enfòmasyon adisyonèl konsènan Pwogram Medyatè
ki Reprezante Entère Piblik la, ale nan www.njcourts.gov
epi chache anba tit pwogram Medyatè ki Reprezante
Entère Piblik la



Kisa yon Medyatè ki Reprezante Entère Biblik kab fè?

Bay Enfòmasyon

Medyatè ki Reprezante Entère Biblik ou a se yon anplwaye net ki kab bay:

- Tout repons ba pi fò kesyon konsènan kijan tribunal la fonksyone ak nenpòt ki dat limit.
- Enfòmasyon de baz konsènan tout egzijans yo mande pou tribunal la pran ka w an konsiderasyon
- Kèk enfòmasyon sou dosye w a.
- Tout rekomandasyon pou ajans ak pwogram kominotè yo.
- Enfòmasyon sou tout konferans an liy ak aktivite sou fòmasyon
- Tout depliyan ak atik konsènan pwogram ak sèvis yo.
- Tout Modèl fòm jiridik ak oryantasyon disponib sou kijan pou itilize yo

Bay Èd

Ou gendwa kontakte Medyatè ki Reprezante Entère Biblik la pou nenpòt ki malantandi, konfli, kesyon ki gen pou wè ak sèvis pou konsomatè a ak/oswa plent. Medyatè ki Reprezante Entère Biblik la a va fè envistigasyon apwopriye yo pou ede w adrese tout enkyetid ou yo. Medyatè ki Reprezante

Entère Biblik la kab ede w tou navigate sit njcourts.gov la:

- Pou jwenn resous ki disponib an liy yo.
- Depoze dokiman jidisye atravè Sistèm Dokiman Elektwonik Jidisye a/ Judiciary Electronic System (JEDS).
- Aprann kijan pou depoze yon demann pou suprime yon dosye sou pòtal web an liy la
- Fè aranjman pou jwenn aksè sou sit kote pou patisipe nan pwosedi vityèl tribunal la

Travay ak Kominote a

Medyatè ki Reprezante Entère Biblik la kab kowòdine tou nan efò sansibilizasyon kominote a pou familyarize biblik la ak sistèm jidisye a ak pwomouwwa yon anbyans de konfyans nan biblik la ak konfidans:

- Travay ak Kominote a
- Aktivite Sansibilizasyon kominote kab gen ladann:
- Seminè sou Edikasyon Biblik
- Konferans an liy
- Aktivite Espesyal kankou Jou Adopsyon, Selebrasyon Sansibilizasyon Kiltirèl, Jounnen Lalwa

Ede Amelyore Tribunal yo

Medyatè Entère Biblik la travay pou amelyore

tout sèvis tribunal yo tou. Nou apresye kontribisyon ou. Pou komplete yon ankèt sou itilizatè tribunal an liy:

- Ale sou njcourts.gov, klike sou nòt ki make Debwouye w Poukont ou, epi klike sou opsyon ki make Jwenn yon Medyatè ki Reprezante Entère Biblik lokal la/ Lyazon Kominotè
- Yon fwa ou sou sit la, klike sou Ankèt sou Satisfaksiyon pou Itilizatè Tribunal epi chwazi konte/lokal biwo ke wap evalye a.

Medyatè ki Reprezante Entère Biblik la kab ede w divè fason. Mèzalò, Medyatè Ki Reprezante Entère Biblik la pakab:

- Ba w konsèy legal oswa rekomande w yon avoka
- Di w si w pa ou fèt pou prezante ka w nan tribunal oubyen ba w opinyon konsènan sa ki pral rive w.
- Pale ak jij pou w konsènan sa ki pral pase sou dosye w an, oubyen pèmèt ou pale ak jij la andeyò de sal tribunal la.
- Chanje yon manda Jij la emèt
- Ranpli tout Fòm sou koze finans ou
- Di w kijan pou plede oswa defann ka w
- Akonpaye w nan yon pwosedi nan tribunal
- Di w ki prèv a konviksyon espesifik ou fèt pou enkli